**ÓZBEKISTAN RESPUBLIKASÍ**
**JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIM MINISTRLIGI**

**ÁJINIYAZ ATÍNDAGÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK**
**PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ**

# «Miynet tálimi ámeliyatí»

*(páninen ámeliy jumıslardı orınlaw boyınsha metodikalıq qollanba)*

**NÓKIS - 2017**

*Dúziwshi:* **A.Berdimbetova**

Metodikalıq qollanba bakalavr bağdarı boyınsha "Miynet tálimi" bağdarınıń oqıw jobasına sáykeslenip islengen.

Metodikalıq qollanba miynet tálimi ámeliyatı pánin tereń úyreniw ushın mólsherlengen. Bunda talabalar kiyim-kenshekler túrleri, olarğa islew beriw jolları menen keń túrde tanısadı.

**JUWAPLÍ REDAKTOR:**

B.Ibragimov - Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı docenti.

**PIKIR BILDIRIWSHILER:**

B.Avezov - Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı docenti.

I.Turmanov – Qaraqalpaq mámleketlik universiteti texnika ilimleriniń kandidatı, docenti.

Metodikalıq qollanba Ajiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń Ilimiy-oqıw-metodikalıq keńesiniń (18-may 2017-jıl №8 sanlı bayanlaması) qararı menen baspadan shığarıwğa usınıs etilgen.

## KIRISIW

Ǵárezsiz Ózbekstan Respublikasınıń baslı wazıypası ilimiy-texnikalıq progesst-ti jetilistırıw, óndiristi texnikalıq jaqtan qayta qurallandırıw hám rekonstrukciyalaw, basqarıw sistemasın, xojalıq mexanizimin jetilistırıw tiykarında ekonomikanı rawajlandırıwdıń erkinligin hám nátiyjeligin arttırıwdan, tağı da usı tiykarında Ózbekstan xalqınıń abadanlığın jáne de arttırıwdan ibarat.

Tigiwshilik sanaatı xalıqtı sapalı hám shıraylı kiyim-kenshekler menen támiynlewi lazım. Kiyim-kenshek adamnıń eń bir zárúrli nárseleriniń biri bolıp esaplanadı. Sonlıqtan da oǵan qoyılatuğıın talaplar artıp baratır. Kiyim-kensheklerge qoyılatuğın talaplardı gigienalıq, texnikalıq, estetikalıq hám ekonomikalıq talaplarǵa bóliwge boladı.

Gigienalıq talaplar - adamnıń den sawlıǵıın saqlawǵa qaratılǵan talaplar. Kiyimniń tiykarǵı gigienalıq kórsetkishleri-hawa ótkiziwshiligi, gigroskopiyalıǵı, suw ótkizbewshiligi hám basqalar. Gigienalıq talaplar buyımnıń nege arnalǵanlıǵına baylanıslı. Ishki kiyim hám jazǵı kiyimlerdiń hawa ótkizgishligi menen gigroskopiyalılıǵı jaqsı, qolaylı, ańsat juwılatuǵın bolıwı kerek. Qısqı kiyimler jıllı bolıwı, plashlar suw ótkizbeytuǵın bolıwı hám t.b.

Texnikalıq talaplar - tigiwshilik materiallarınıń sapasına hám kiyimler tigiwge qoyılatın talaplar. Tigiwshilik gezlemeleri hám tayar tigiwshilik buyımları mámleketlik standartlarǵa yamasa texnikalıq shártlerdiń talapların qanaatlandırıwı lazım. Kiyim bekkem, góneriwge, juwıw hám ximiyalıq jol menen tazalawǵa shıdamlı bolıwı tiyis.

Estetikalıq talaplar - modaǵa baylanıslı. Hár qanday kiyim bekkem hám qolaylı bolıwı menen birge shıraylı da bolıwı lazım.

Ekonomikalıq talaplar - kiyimniń nırqı menen baylanıslı boladı. Kiyim belgili bir texnikalıq, gigienalıq, estetikalıq talaplarǵa juwap beriwi, sonıń menen birge arzan bolıwı kerek.

Házirgi waqıtta tigiwshilik óndirisi keń tarmaq bolıp, onda avtomatlastırılǵan hám mexanizaciyastırılǵan aldaǵı úskenelerden, kompyuter texnikasınan, pán hám texnika jetiskenliklerinen keń paydalanıladı. Bulardıń barlıǵı tigiwshi qánigeden joqarı bilimli hám óz kásibiniń jetik mamanı bolıwdı talap etedi. Jeke mulikshilikke jol beriliwi nátijesinde kishi hám orta tigiwshilik kárxanalarınıń rawajlanıwı bul talaptı jánede asırmaqta.

Bul wazıpanı orınlaw ushın kadrlar tayarlaw máselesine ayrıqsha itibar beriw lazım. Tigiwshilik sanaatında kiyimdi modellestırıw basqıshında da, onı tigiw basqıshında da qol miynetiniń salmaǵı úlken bolıp, bul miynet ónimdarlıǵın ósiwin páseytiredi. Soniń ushın islep shıǵarıwdı mexanizimlestırıw hám avtomatlastırıw procesinde kóplegen jumıslar ámelge asırılıp atır. Bular tez júrer mashinalar, tigiwshilik yarım avtomatları hám ıǵallılap - ısıtıp islew beriw buyımlardı jaratıw, jumıs

orınların zamanagóylestiriw.

Tigiwshilik kárxanasınıń bas wazıypası assortimenti hám máwsimge say pishimi, estetik kórinisi, sapasın shın júrekten xalıq talaplarına mas keletuǵın kiyimlerdi islep shıǵarıw. Bunnan tısqarı kárxanadaǵı jumısshılar jumıs orınların jarıqlastırıw, cexlardaǵı shawqımdı kemeytiwge, jumısshılardı jeterli jumıs haqı menen qanaatlanıwǵa hám bólmelerdi zamanagóylestırıwge úlken itibar beriwi zárúr.

Pándi oqıtıwdan maqset bolajaq miynet tálimi qánigelerin tigiwshilikte paydalanılatuǵın ónimlerdiń túrlerin, olardıń sapasına qoyılatuǵın talaplardı, sapa kórsetkishlerin anıqlaw usılların hám asbab úskenelerin, hám de sol úskenelerge qoyılatuǵın talaplardı úyreniw hám tálim barısında alǵan bilimlerin ámelde qollanıwdan ibarat.

Pánniń wazıypası – bolajaq miynet tálimi oqıtıwshılarınıń óz kásibiniń jetik mamanı bolıwǵa, olardıń tigiwshilik sırlarınan paydalanıwdı úyretedi.

## Ámeliy jumıs - 1.

**Tema:** Tigiwshilik buyımları haqqında ulıwma maǵlıwmatlar

**Jumıstıń maqseti:** Tigiwshilik buyımları menen jaqınnan tanıstırıw.

Temanı úyreniuw processinde iyeleniletuǵın ámeliy kónlikpeler:

- Kiyim-kenshekler wazıypası hám klassifikaciyası;
- Tigiwshilik buyımların tigiwdiń tiykarǵı basqıshları;
- Tigiwshilik ustaxanalarında jumıs ornın shólkemlestırıw;
- Texnikalıq qáwipsizlik qaǵıydalar.

Tema boyınsha tiykarǵı maǵlıwmatlar:

Kiyim degende jumıs kiyimı, ústki kiyim, bas kiyim, qolǵap, ayaq kiyim sıyaqlılardıń keń kompleksi túsiniledi.

Tigiwshilik buyımlarına kiyimnen basqa úy-ruzıger buyımları (dastúrxan, súlgi, kórpe-dastıq qapları), texnikalıq buyım hám ánjamlar (avtomobil qapları hám japqıshları, shatırlar, qaplar) kiredi.

Kiyim óz náwbetinde turmıslıq hám óndiris kiyimleri bolıp bólinedi.




Ústi kiyim, ishki kiyim hám korset buyımları kiyimleriniń sırtınan kiyiletuǵın kiyimler bolıp tabıladı.




Ishki kiyim – bul tikkeley insan denesine kiyiletuǵın.

Óndiris kiyimleri – xalıq xojalıǵınıń hár túrli salalarında jumısshı denesin pataslanıwdan hám jumıs procesinde unamsız hám zıyanlı tásirlerden saqlawshı kiyimler bolıp esaplanadı. Óndirislik kiyimler arnawlı, sanitariyalıq hám rásmiy kiyimler bolıp bólinedi.

**Óndirislik kiyim**

Arnawlı kiyim

Ishlewshini ortalıq qáwipli hám zıyanlı tásirlerinen ıǵal, radiaktiv zatlar, kislota, siltiler, neft - mayı, shań, organikalıq eritkishler, ıssı-suwıq, záhárli ximiyalıq zatlar, elektr togınan hám basqalardan saqlaydı. Olar: kurtkalar, kombinzonlar, plashlar, paxtalı kurtka-shalbarlar

Sanitariya kiyim

Miynet buyımların islewshiden hám jumısshını óndiristegi ulıwma iplaslanıwdan asıraydı (aspazlar, medicina hám balalap baqshası, azıq-awqat penen sawda islew-shi xızmetkerleri, hám bas-qalar)

Rásmiy kiyim (forma)

áskeriyler, arnawlı mekemeler xızmetkerleri, temir jol, aviaciya, dteńiz flotı, mektep, kásip-óner oqıw orınları oqıwshıları kiyimler: shinel, palto, kostyum, kitel, kóylek,bas kiyimlar

# Kiyim

Pasıl kiyimleri
1. Jazg'ı
2. Qısqı
3. Báhárgi
4. Gúzgi

Jınıs – jas belgilerine qarap:
1. Erkekler kiyimi
2. Hayal-qızlar kiyimi
3. Balalar kiyimi

Hár túrli maqsetke qarap:
1. Kúndelik kiyim
2. Úy kiyimi
3. Bayram kiyimi
4. Sport kiyimi

**Kiyim tigiwdiń tiykarǵı basqıshları wazıypası**

Model, konstrukciya hám úlgiler tayarlaw

Gezlemeni tigiwge tayarlaw hám pishiw (tayarlaw-pishiw uchastkasındaǵı isler)

Buyımdı tigiw hám bezew

Jámiyetlik kiyim - regional, professional meresimlerge baylanıslı simvolik wazıypalardı óz ishine aladı

**Kiyimniń tiykarǵı wazıypaları**

Utilitar kiyim – ámeliy, qorǵaw, ergonologiyalıq, gigienalıq wazıypalardı óz ishine aladı

Estetikalıq kiyim – kórkem obrazlı wazıypa menen tek estetikalıq wazıypalardı óz ishine aladı

**Tigiwshilik ustaxanalarında jumıs ornın shólkemlestırıw**

Tigiwshilik ustaxanaları keń, jaqtı, qurǵaq hám azada bolıwı kerek. Diywal hám mebellerdi reńi úlken gigienalıq hám pedagogikalıq áhmiyetke iye boladı. Sonıń ushın diywalar ashıq, hálsiz reńlerge boyalıwı kerek. Ustaxana tábiyiy hám jasalma jaqtan jaqsı jaqtırtılǵan bolıwı kerek.

Ustaxanalarda otırıw ushın qolaylı biyikligi tártiplestiriletuǵın vintli otırǵıshlar qoyıladı.

**Tigiwshilik ustaxanalarında jumıs ornın shólkemlestiriwi**

Tigiwshilik ustaxanasında kórgizbelilik

1. Tigiw ustaxanasınıń ishki tártip-qádeleri
2. Qáwipsizlik texnikası qádeleri
3. Miynet, óner haqqında hikmetli sózler
4. Arnawlı ádebiyatlat ushın vitrina

Úskeneleniwi:

Eki adamlıq oqıw stolları, jazıw taxtası, magnitli taxta, kerakli muǵdarda tigiw mashinaları hám qol jumısların orınlaw ushın jumıs stolları, pishiw stolı hám manekenler; biyik-páslıgi tártiplestiriletuǵın vintli otırǵıshlar: kiyip kóriw kabinası; utyug, utyuglew taxtası, utyug tósemeleri; úskene hám buyımlardı saqlaw ushın arnawlı shkaf; dári-dármekler aptechkası.

Tigiw ustaxanasında ayna hám kiyip ildirgishler hám kiyip kóriw ushın kabina bolıwı kerek. Tigiw buyımların ıǵallap - ısıtıp islew beriw ushın kerekli úskeneler bolıwı kerek.

Ásbap-úskeneler, ánjamlar, kórgizbeli qollanbalar, jumıs úlgileri arnawlı shkaflarda saqlanadı.

Ustaxanada álbette birinshi medicina járdemin kórsetiw ushın zárúr bolǵan dári-dármaqler salınǵan aptechkanıń bolıwı tiyis.

## № 2 Ámeliy jumıs
## Tema: Qolda orınlanatuǵın jumıslar

**Jumıstıń maqseti:** Qolda orınlanatuǵın jumıslarda jumıs ornın tuwrı shólkemlestırıw, ásbap – qurallardı durıs isletiwde bilim hám dáslepki kónlikpelerdi qáliplestırıw.

Temanı úyreniw processinde iyeleniletuǵın ámeliy kónlikpeler:

- Qolda orınlanatuǵın jumıslar ushın jumıs ornın shólkemlestırıw;
- Qol jumısları ushın ásbap – qurallardan paydalanıw;
- Qol tigisleriniń túrleri;

Tema boyınsha tiykarǵı maǵlıwmatlar:

| **Jumıs ornın támiyinlew** | **Súwret** |
|---|---|
| 1-stol; Joqarı bólegi tegis, miynet quralı ulgilerdi saqlaytuǵın, ashılatuǵın tartpalardan ibarat. |  |
| 2-jarıtqısh, jergilikti jarıtıwshı qural. | |
| 3- Jip hám qurallardı saqlaw ushın; | |
| 4 – Shıǵındılar ushın qalta; | |
| 5- Ayaq ushın tirenish; | |
| 6 – vintli stul. | |
| **Tik turıp orınlanatuǵın jumıs ornı** |  |
| 1. Stol; | |
| 2. Kranshteyn; | |
| 3.Qayshı hám por saqlaw ushın; | |
| 4. Kórsetkish kartasın saqlaw ushın; | |
| 5. Shıǵındılar ushın qutı; | |
| 6. Ásbap hám qurılmalardı saqlaw ushın tartpa. | |

Kiyim tigiw jumısların orınlaw usılına qaray qolda yamasa mashinada orınlanatuǵın jumıslar bolıp bólinedi.




Gezlemelerdi qabıw iyne járdeminde gezlemeni tesip tesikler arasında jiplerdiń shatısıwınıń bir tamamlaǵan cikli qabıw delinedi. Qabıwlardıń dúzlisi hár túrli bolıp, gezlemeniń ońı yamasa terisinde qanday bolıp tigiliwine baylanıslı.

Qabıwlardıń uzınlıg'ı hám material ońındag'ı interval menen belgilenip, qabıwdıń túrine hám islew berilip atırg'an materialdıń qalıńlıg'ına baylanıslı. (1–súwret)




1-súwret



2-súwret. Qolda orınlanatuǵın jumıslar ushın kerekli ásbaplar.

Qabıwlar qolda orınlanadı hám bir jip penen tigiledi. Barlıq qabıwlar tegis, arasındaǵı aralıq gezlemeniń eki tárepinen de birdey bolıwı, jipler bir qálipte tartılıwı kerek. Qabıwlardıń ólshemleri hám tákirarlanıwshılıǵı hár túrli bolıwı múmkin. Qabıwlardıń tákirarlanıwshılıǵın anıqlawda 5 sm qabıwqatardaǵı qabıwlardıń sanı sanaladı.

Iyne hám jiplerdi gezlemeler túrine qarap paydalanıw

| Gezlemeniń atı | Iyne nomeri | Iyne diametri, mm | Iyne uzınlıǵı, mm | Jiplerdiń nomeri |
|---|---|---|---|---|
| Kóyleklik hám ishkiyimlik gezlemeler | 1,2,3 | 0,6-0,7 | 30-40 | 80,60,50 |
| Kostyumlik Gezlemeler | 4,5,6 | 0,6 - 0,9 | 30-40 | 50,40 |
| Paltolik gezlemeler | 7,8,9,10 | 0,9 -1,2 | 40-50 | 40,30 |

Kiyimlerdi jeke buyırtpalar tiykarında atelelerde tigiwde hám úy sharayatında tigiwde qabıw hán qabıwqatarlar kóbirek qollanıladı.

Qabıw hám qabıwqatarlardı qolda orınlawda diametri 0,6 - 1,8 mm, uzınlıǵı 30-75 mm bolǵan 1-12 nomerli iyneler paydalanıladı. Qabıwlardı payda etiwde jiplerdiń jónelisi hám jaylasıwı hár túrli bolǵanlıǵı ushın qabıwqatarlar da hár qıylı bolıp shıǵadı.




**Tuwrı qabıwlar**

Kiyim tigiwde kóbinese tuwrı qabıwlar qollanıladı. Olar tiykarınan kiyimdi ólshep kóriwde, mashina jumıslarına tayarlawda, por sızıqları hám belgilerdi túsiriwde, búrmelerdi payda etiwde, detallardı waqıtsha biriktiriw hám bekkem-lew ushın qollanıladı



3-súwret

Tuwrı qabıwlardan sırma, bastırma, búgip kóklew, ziydi кóklew, nusqalama qabıwqatarlar hám búrmelerdi payda etiwde qollanıladı.

Tuwrı qabıwlardan payda bolǵan sırma qabıwqatar (3-súwret), ańsat ǵana sótiletuǵın boladı. Bunday qabıwqatar tiykarınan kiyimlerdi ólshep kóriwde, mashina jumısların orınlawǵa tayarlawda detallardı biriktiriw ushın qollanıladı.

Sırma qabıwqatar menen kóklew ushın 2 detal ońın ishkerisine qaratıp qoyıladı, shetleri yamasa belgilengen sızıqları boyınsha olardan birdey aralıq armannan tuwrı qabıwlar menen biriktiriledi.

**Qıya qabıwlar**

Qıya qabıwlardıń dúzilisi tuwrı qabıwlardan onshelli parıq etpeydi. Tuwrı qabıwlardı salıwda iyne gezlemem tuwrıdan-tuwrı sızıq boylap shansılsa, qiya qabıwlarda iyne tuwrı sızıqqa qarata detaldıń sırtqı yamasa ishki tárepine qıyalatıp shanshıladı.

Jeńil hám ústi kiyimler tigiwde turaqlı qabıwqatarlar da, waqıthsa qabıwqatarlar da payda etiledi.

Bastımra qabıwqatarları ústki kiyimler tigiwde detallardı jılısıp ketpeytuǵın etip biriktiriw kerek bolǵanda qollanıladı, sebebi olar detallardıń jılısıp ketiwine jol qoymaydı. Qabıwdıń uzınlıǵı 0,7-2,0 sm (4-súwret)



4-súwret

**Atanaq qabıwlar**

Atanaq biriktiriw qabıwı qırqımları ashıq yamasa jabıq detallardıń shetlerin biriktiriw ushın, máselen, hayallar paltosı eteklerin qaytarıp tigiwde qollanıladı (5-súwret).

Bul qabıwqatarlar shepten ońǵa qarap tigiledi. Iyne búklengen qırqımǵa parallel ráwishte keri jóneliste túyreledi. Iyne náwbeti menen búgiw haqı hám tiykarǵı detal boylap shanshıladı. Bunda iyne shanshılatuǵın orın arasındaǵı aralıq gezlemeniń tútiliniwsheńligine qarap 0,3-0,5 sm bolıwı, hár bir sm ge 2-3 qabıw tuwrı keliwi, jipti kerip tartpaw kerek.

Atanaq qabıwqatarlar hayallar hám balalar kiyimlerin tigiwdi bezew sıpatında da qollanıladı.



5-súwret

**Saqıyna qabıwlar**

Saqıyna qabıwlar mashinada tigiw qıyın bolǵan hallarda eki detaldı bir-birine turaqlı túrde biriktiriw yamasa kiyimlerdi jeke tártipte tigiwge sozılmalı tigis payda etiw ushın biriktiriwde qollanıladı (6-súwret).

Saqıyana qabıw payda etiwde jip gezleme qalıńlıǵınan tolıq ótip qaytadı hám jáne gezlemege aldıńǵı tesiginen ótedi. Saqıyana qabıwdıń gezleme oń tárepindegi sırtqı kórinisi mashina tigis qatarlarına uqsaydı.

Qabıwdıń keri tárepinde uzınlıǵı oń tárepindegige qaraǵanda eki esege artıq boladı. Qabıw uzınlıǵı gezlemeniń qalıńlıǵına baylanıslı bolıp, 0,1-0,4 sm ge jetedi (7-súwret).

Jasırın biriktiriw qabıwqataları (7-súwret), jeke tártipte ústki kiyimlerdi tigiwde tuyıq qırqımlı detallardıń búgilgen shetlerin tiykarǵı gezlemege bekitiw ushın, máselen, kóylek etegin qaytarıp tigiw ushın qollanıladı. Jasırın qabıwqatar salıw ushın iyneni detaldıń búklengen jerinen 0,1-0,5 sm aralıqta ótkerip alıp, sol orınnıń qarsısında tiykarǵı gezlemeniń yarım qalıńlıǵı ilip alınadı. Har 1 sm de 2-3 qabıw boladı.



6-súwret



7 –súwret

**Duzaq qabıwlar**

Duzaq qabıwlar qırqpa quzaqlardı qolda jórmew ushın qollanıladı. Jórmelengen duzaqlardıń úsh túri bar: kózli – kostyumler hám erkekler paltosında, tuwrı – ishki kiyimler, bluzkalar, shalbarlarda hám bezew duzaqlar.



Duzaq qabıwdı payda etiw ushın iyne gezlemege tómeninen quzaq qırqımı shetinen 0,1-0,3 sm armannan túyreledi, iyne ushına jip oraladı hám bir-birinen birdey aralıqta jaylasıwı, jibi bir qálipte keriligen bolıwı tiyis (8-súwret)



8-súwret

**Sádep qadaw**

Sádepler tek tağıp júriw ushın ǵana emes, al kiyimdi bezew ushın da qollanıladı. Olar tiykarğı material reńinde boladı. Eki tesikli sádepler 4-5 qabıw menen, tórt tesiklileri hár bir tesikten 4-5 qabıw menen bekitiledi. Gezlemeniń qalıńlıǵına qarap 0,1-0,2 sm selpi jip qaldırıladı. Selpi jip átirapında 2-3 oram jip orap, jip ushı 3-4 qabıw menen bekkemlep qoyıladı. Jip gezleme hám zıǵır talshıqlı gezlemelerden tigilgen kiyimlerdiń sádeplerin jipti selpi etpesten tigiw kerek. Sádep bekkem qadalıwı ushın tiykarğı materialdıń astı jaǵına qatırma yaki ekinshi sádep qosıp tigiledi (9-súwret).



9-súwret

**Bezew qabıwlar**

Bezew qabıwları tigiwshilik buyımların kórkem bezew ushın paydalanıladı. Olar tiykarınan hayallar hám balalar kiyimlerin bezewde, súlgi, dastúrxan, salfetka, dastıq qaplar sıyaqlı buyımlarğa bezew beriwde qollanıladı.

Bezew tigisi sıpatında qiya qabıw, saqıyna hám jórme qabıwlar, atanaq qabıwlardan paydalanıladı.

Jórme qabıwlar gezleme qırqımlarına islew beriw ushın hámde keste tigis sıpatında qollanılıwi múmkin. Bunda qabıwlardıń tığızlığına, uzınlığına qarap hár túrli qabıwqatarlardı payda etiw múmkin (10-súwret).




10-súwret

Uzın hám kelte qabıwlardı náwbet penen jaylastırıp yaki bir neshe qabıwlardı toparlarğa birlestirip hár túrli bezek qabıwları tigiledi (11-súwret).



11-súwret

Atanaq qabıw da keste tigiwde kóp qollanıladı. Bul qabıwdıń jáne bir túri barqıt qabıw bolıp, bunda áweli atanaq qabıwqatar tigiledi, keyin qabıwlar arasında basqa reńli jip aylandırılıp ótkerip shığıladı (12-súwret).



12-súwret

Ayqaspa tigis, bul tigis tiykarınan konturdı tigip shıǵıwda hám ensiz sızıqları tigiwde qollanıladı. Bul tigis tıǵız jaylasqan kelte qıya qabıwlardan ibarat. Tigiw shepten ońǵa qarap orınlanadı, bunda jip "ózinen armanǵa" qaratıp jóneltiledi, al iyne bolsa kerisinshe "ózine qaratıp" háreketlendiriledi (13-súwret).



13-súwret



14-súwret

Shınjır tigis bir-birinen shıqqan saqıynalar kórinisine iye. Jumıstı orınlaw mudamı "ózine qaratıp", shepten ońǵa jóneltiledi. Iyne oń tárepke shıǵarılıp, jipti bas barmaq penen saqıya jasap uslap turıladı, iyneni aldıńǵı tesikten kiritilip, saqıyna ortasınan shıǵarıladı (14-súwret).

Kesik tigis (zigzag)-qıya tigislerdiń úzliksiz jaylasıwı bolıp, gezlemeniń arqa tárepinde 2 parallel qabıwlar payda boladı. Bunda iyne hár sarap aldıńǵı qabıw tesiginen kirgiziledi. Kesik tigis tiykarında da tap atanaq tigistegi sıyaqlı barqıt tigis orınlaw múmkin (15-súwret).

15-súwret



Bekkemleme saqıyna qabıw-trikotaj materiallarǵa keste salıwda qollanıladı, áweli bir shınjır qabıw salınadı, jip oń tárepke ótkerilip saqıyna payda etiledi, iyneni birinshi tesikke kirgizip, saqıynanıń ortasınan shıǵarıladı hám kishkene qabıw payda

etiledi, iyneni quzaq sırtınan gezlemeniń keri tárepinen ótkeriledi (16-súwret). Túyinsheler-tigiw ushın jipti gezleme astınan ońına qarap ótkeriledi, iyneniń ishine jipti bir neshe márte aylandırıp, jáne ilgeridegi tesiktiń janınan gezlemeniń arqa tárepine ótkeriledi (17-súwret)





16-súwret 17-súwret

## Ámeliy jumıs 3

## Tema: Tigiw mashinasında orınlanatuǵın jumıslar

**Jumıstıń maqseti:** Tigiw mashinasında orınlanatuǵın jumıslardı shólkemlestırıw, tigiw mashinaları hám olardıń túrleri haqqında kónlikpelerdi qáliplestırıw.

Temanı úyreniw procesinde iyeleniletuǵın ámeliy kónlikpeler:

- Mashinada orınlanatuǵın jumıslar ushın jumıs ornın shólkemlestırıw;
- Mashina tigisler hám tigisqatarlar;
- Tigiw mashinaları haqqında maǵlıwmatlar hám olardıń túrlerge bóliniwi;

Tema boyınsha tiykarǵı maǵlıwmatlar:

**Mashinada orınlanatuǵın jumıslar ushın jumıs ornın shólkemlestiriw**

Mashinada orınlanatuǵın jumıslar ushın mólsherlengen jumıs ornı individual elektr júritkishli stol, otırǵıshı tártplestiriletiǵiń vintli stol menen úskelenedi. Stolǵa tigiw mashinasınıń bas bólegi ornatıladı, zárúr ásbap-úskeneler qoyıladı.

Jumıs ornında ayırım jaqtılandırıwshı yamasa mashina korpusına ornatılǵan orınlıq jaqtırtqısh bolıwi tiyis. Tepkini ayaq penen kóteriw ushın stol qaqpaǵı tómenine iyinli rıchag ornatıladı. Stol beti tegis bolıwı kerek. Nayshaǵa jip oraw ushın stolǵa arnawlı úskene bekkemlenedi.

Stolda qayta islenetuǵın detallar hámde usı texnologiyalıq operaciyanı orınlaw ushın zárúr bolǵan ásbap, qurılmalar ǵana turadı.

Jumıstıń aqırında jumıs ornı jaqsılap tazalanıp, islew berilip atırǵan detallardı shkafqa qoyıw, ásbap hám qurılmalardı stol tartpasına salıw kerek. Jumıs ornı durıs shólkemlestirilgende miynet ónimdarlıǵı artadı hám óniminıń sapası jaqsılanadı.

**Mashina tigisler hám tigisqatarlar.** Tigiwshilik buyımları tayarlaw processlerindegi tiykarǵı texnologiyalıq úskene tigiw mashinası saplanadı.

Tigis salıwshı mashinalarda detallar eki jip-iynedegi hám oymaqtağı jiptiń óriliwi esabınan birigedi. Jiplerdiń óriliwine qarap mashina tigislerı oymaq hám shınjır tigisları bolıp bólinedi. Gezlemelerdi biriktiriwde kóbinese oymaq 302, 302 -1, 302 - 2, PMZ - bir iyneli mashinalar, bular gezlemelerdıń ústki qatlamların jaylastırıw qurılmaları menen támiyinlengen hám jeńlerdi ótkeriw ushın mólsherlengen. Gezlemelerdi biriktiriwde kóbinese oymaq tigisli mashinalar, al trikotaj polotnoları hám basqa elastikalıq materiallardan tigiletuğın detallardı biriktiriwde shınjır baxiyalı mashinalar qollanıladı. Oymaq járdeminde payda etiletuğın eki jipli baxiyaqatar eń kóp tarqalǵan, bunda ústingi jip iyne arqalı materialǵa ótkenligi usnın "iyne jibi", tómengi jip oymaqtagı sańlaq arqalı shıqqanlığı uhın "oymaq jibi" dep ataladı.

Oymaq tigis bekkem boladı, elastik emes, onshelli sozılmaydı, jipler belgili bir keriliw menen órilgenligi ushın gezlemeler puqta birigedi (18-súwret).



18-súwret

Tigis - mashina iynesiniń gezlemeni tesip ótken eki qońsı noqatları arasındağı jiplerdiń oralıwı. Tigisqatar - tigislardıń úzliksiz tákirarlanıwı natiyjesinde payda boladı.

Oymaqlı masninada baxiya 5 basqıshta payda boladı (19-súwret).




19-súwret

1) Iyne gezlemeni tesip ótip, ózi menen birgelikte ústingi jipti iyne

plastinasınıń tómenine alıp ótedi. Eń aqırǵı tómengi halatına jetip, 2-3 mm kóteriledi. Bul wqıtta oymaq aylanba háreket etip, shep tárepke iyne ushına jetip keledi hám onın saqıynasın iledi. Jip tartqısh bolsa joraqı halatınan tómenge háreketlenip, iyneni ústingi jip penen támiyinleydi. Tepki gezlemeni basıp turadı.

2) Iyne joqarıǵa háreketin dawam ettiredi, gezlemeden shıǵadı, oymaq aylanba háreketin dawam ettirip, ilip alǵan saqıynasın óz átirapında keńeytedi. Jip tartqısh tómenge háreketin dawam ettirip, oymaqtı ústingi jip penen támiyinleydi. Tepki hám tisli reyka áwelgi halatında qaladı.

3) Iyne joqarıǵa háreketin dawam ettiredi hám eń aqırǵı joqarı halatına jetedi. Oymaq shepke aylanba háreketin dawam ettirip, saqıynanı maksimal keńeytedi. Jip tartqısh bolsa tómenge háreketin dawam ettirip, eń tómengi halatına jetedi. Tepki hám tisli reyka áweli halatın iyeleydi.

4) Iyne tómenge háreketlenedi. Oymaq aylanba háreketuin dawam ettirip, $210^{o}$ qa ótedi, saqıynanı bosatadı, naysha jibi bolsa usı saqıyna ishinde qalıp oralıw jıgeze keledi. Jip tartqısh birden kóterilip, ústindegi jip saqıynasın tartadı. Tepki hám tisli reyka áwelgi halında qaladı.

5) Iyne gezlemege kire baslaydı. Oymaq keyinge qarap aylanıp, dáslepki halatına keledi. Jip tartqısh eń joraqǵı halatına jetedi hám baxiyanı keredi. Usı waqıtta tisli reyka bir baxiyaǵa gezlemeni jılıstıradı. Tepki áwelgidey gezlemeni basıp turadı.

**Tigiw mashinaları haqqında maǵlıwmat hám olardıń túrlerge bóliniwi**






**Ámeliy jumıs 4**

**Tema: Tigiw mashinalarınıń tiykarǵı mexanizmleri hám mashina tigis túrleri**

**Jumıstıń maqseti:** Tigiw mashinalarınıń tiykarǵı mexanizmleri hám mashina tigis túrleri haqqında kónlikpelerdi qáliplestiriw.

Temanı úyreniw procesinde iyeleniletuǵın ámeliy kónlikpeler:

- Tigiw mashinalarınıń tiykarǵı mexanizmleri;
- Tigiw mashinası tigis túrleri;
- Tigiw mashinasının jumısı nuqsanları;

Tema boyınsha tiykarǵı maǵlıwmatlar:

Mashina - paydalı jumıs atqarıwshı mexanizm

Mexanizm – óz ara baylanısqan bir neshe detallar

Detallar - belgili bir maqset ushın islep shıǵarılǵan qattı deneler




Tigiw mashinası iyneleriniń dúzilisi hám túrlerge bóliniwi

Iyne tigiw mashinasınıń tiykarǵı jumısshı organı esaplanadı. Ol joqarı sortlı polattan tayarlanadı. Tigıw mashina iynesi quramalı dúziliske iye. Ol kolba, sterjen hám ıyne ushınan turadı. Iyneniń sterjen bóleginiń bir tárepinde oyıqshası hám ekinshi tárepinen kishi oyıqshası, tómengi bóleginde jip ótkeriletuǵın kózi boladı.

Mashina iyneleriniń túrleri kóp. Iyne kózi diametrik ótkeriletuǵın jip diametrinen úlkenirek bolıwı kerek. Iyne gezleme túri, qalıńlıǵına qarap tańlanadı.

1. 60-100 aralıg'ında 5 interval menen nomerlenedi (85,90, 95,100);

2. 100, 110, 120, 300 (10 ǵa teń interval menen).

Bul sanlar iyneniń diametrin bildiredi hám mm diń júzden bir úlesi menen ańlatıladı. Máselen, 100 bolsa onıń diametri 1 mm ge teń.

Uzınlıǵı, diametrik hám kolba bóliminiń uzınlıǵı boyınsha

**Tigiw mashinaları iyneleri túrleri**

Forması boyınsha

- Tuwrı iyneler Oymaqlı tigisler tigiwshi mashinalarda hám yarım-avtomat larda qollanıladı
- Iymek iyneler Jasırın búkpe tigisler tigiwshi hám geypara jórmelew mashinalar ında qollanıladı

Sterjen forması hám iyne ushı boyınsha

- Ushı konustárizli sharlanǵan iyneler (taq nomerler (1, 3, 5.) menen belgilenedi
- Ushları arnawlı sharlang'an (oval, kvadrat, romb tárizli hám basqa)

**Mashina tigis túrleri.** Tigiw buyımların biriktiriwshi tiykarǵı qural mashinada tigiletuǵın jipli tigisler bolıp tabıladı.

**Mashina tigis túrleri (wazıypası hám jaylasıwı boyınsha)**

**Birletiriwshi tigisler**
1. Birikpe tigis
2. Jórme tigis
3. Qoyma tigis
4. Bastırma tigis
5. Tutastırma tigis
6. Qos tigis
7. Ishki tigis

**Bezew tigisler**
1. Bórtpe tigis
a) mayda taqlang'an
b) shnur qoyıp bórttirilgen
2. Taxlamalar
a) bezew taqlama
b) birlestirilgen taqlama (bir tárepleme, bir birine qaraǵan, eki tárepke qaragan)

**Ziy tigisler**
1. Búkpe tigis
2. Maǵiz tigis
a) ashıq qırqımlı
b) jabıq qırqımlı
g) jiyekli
3. Awdarma tigis
a) kantli ramkalı
b) qıstırma kantli

20-súwret. Mashina tigis túrleri

**Tigiw mashinasınıń jumısı nuqsanları.**

1.Tigisqatar bos. Jipler jetkilikli dárejede tartılmaǵan.

Saplastırıw: Naysha qaqpaǵındaǵı vintti saat tili jónelisinde birap tómengi jip kerip tartıladı, al keyninen usı keriliwine qarap ústingi jiptiń tartılıwı tártiplestiriledi.

2. Tigisqatar júdá tartılǵan. Sebebi eki jip júdá kerilip tartılǵán. Saplastırıw usılı: tómengi jipti bosatıp, onıń keriliwine qarap ústnigi jip (áste-aqırın bosatıladı) keriliwi tártiplestiriledi.

3. Jiplerdiń oralıwı gezleme ústinde kórinip qalǵan. Sebebi, ústingi jip júdá kerip tartılǵan, tómengi jiptiń keriliwi bos. Saplastırıw usılı: ústingi jip áste-aqırın bosatıladı. Naysha qaqpaǵındaǵı vintti saat tili jónelisinde burap, tómengi jiptiń keriliwi tártiplestiriledi.

4. Jiplerdiń  oralıwı gezleminiń tómengi jaǵında kórinip turadı. Sebebi, ústingi jip júdá bos, tómengi jip júdá kerip tartılǵan. Saplastırıw usılı: naysha qaqpaǵındaǵı




vintti saat tili jónelisine qarsı birap jiptiń keriliwi bosatıladı.

5. Tigisqatar kir. Sebebi, mashina jaqsı tazalanbaǵan, qaqpaq may menen maylanadı. Saplastırıw usılı: iyne plastinasın ashıp, tómengi beti tazalanadı. Aq reńli materiladı tigiwde mashina reńsiz may menen maylanadı.

## Ámeliy jumıs 5

### Tema: Tigiwshilik buyımların ıǵallap-ısıtıp islew beriw.

**Jumıstıń maqseti:** Tigiwshilik buyımların ıǵallap-ısıtıp islew beriw usılların úyreniw.

Temanı úyreniw procesinde iyeleniletuǵın ámeliy kónlikpeler:

- Íǵallap-ısıtıp islew procesi basqıshları;
- Íǵallap-ısıtıp islew úskeneleri hám qurılmaları;

- Íǵallap-ısıtıp islew tártibi;
- DetalIardı termoflksaciyalaw haqqında maǵlıwmat;

Tema boyınsha tiykarǵı maǵlıwmatlar:

**Íǵallap-ısıtıp islew procesi basqıshları.** Tigiwshilik buyımların ıǵallap-ısıtıp islew degende detal yaki buyımdı arnawlı úskeneler járdeminde ıǵallıq, ıssılıq hám basım menen arnawlı islew túsiniledi.

Íǵallap-ısıtıp islew kiyimlerdi tigiw procesinde hám tayar buyımdı pardozlawda orınlanıwı múmkin. Íǵallap-ısıtıp islewdegi tiykarǵı maqset buyım detallarına keńislik-kólemlik forma beriw hám hár qıylı tigislerdi islew, úsıl-kesil pardozlaw, detallardı jelim menen biriktiriden ibarat.




Igallap-ısıtıp islew utyuglew, presslew hám puwlaw bolıp bólinedi. Gezleme jipleriniń órliwiniń tıǵızlıǵına qarap ıǵallap-ısıtıp islew procesi olarga hár túrli tásir etedi.




**Íǵallap-ısıtıp islew úskeneleri hám qurılmaları.** Kiyim tigiwdegi tiykarǵı ıǵallap-ısıtıp islew úskeneleri hám qurılmalarına utyug, utyuglew stolı, pressler, hawa-puw manekenleri, dekatır hám hár túrli qálipler kiredi.

Házirgi waqıtta tigiwshilik sanaatında elektr-puw pressleri keń qollanılmaqta. Olarda ıssılıq puw hám elektrden keledi. Puw islenetuǵın detallardı ıǵallaydı, elektr bolsa zárúr temperaturanı támiyinleydi.

Press ultanlarınıń temperaturası islew beriletuǵın gezlemelerge qarap ornatıladı. Eger gezleme quramında hár túrli talshıqlar bolsa, ultanınıń temperaturası ıssılıqqa eń sezgir talshıqqa qarap ornatıladı. Har bir presste eki ústingi hám tómengi ultan boladı. Presslew kúshine qarap pressler awır, ortasha, jeńil presslerge bólinedi, wazıypasına qarap universal, arnawlı túrlerge bólinedi. Hayallar hám balalar jeńil kiyimleri hámde jip gezlemelerden kiyimler tigiwde detallarınıń shetlerin (taǵılma qaqpaqları, taǵılmalar, qaplama qaltalar) qayırıw ushın da stolga ornatılǵan falspressler qollanıladı.

Puw-hawa manekeni iyinli kiyimlerdi úzil-kesil ıǵallap-ısıtıp islew ushın mólsherlengen. Maneken ventilyator, tiykar hám ıssıǵa shıdamlı gezlemeden belgili bir ólshemge iye gewde formasında tigilgen qap kiygizilgen temir karkastan ibarat. Tayar buyım manekenge kiygiziledi, tegislenedi, shetleri arnawlı qısqıshlar menen bekkemlenedi hám ventilyator iske túsiriledi.

Utyugler. Qızdırıw usılına qarap utyugler puw, elektr hám puw-elektr utyuglerine bólinedi. Tigiwshilik sanatında spiral tárizli qızdırıw elementleri bar elektr utyugler keń tarqalǵan. Iǵallab-ısıtıp islewde temperatura rejimine ámel etiwi maqsetinde termoregulyatorlı utyugler qollanıladı.

Hár túrli operaciyalardı orınlaw ushın bir-birinen salmaǵı, ólshemleri hám quwatlılıǵı menen parqlanatuǵın utyugler qollanıladı.

Dekatırler gezlemeni puw menen islep onıń sapasın jaqsılaw- tıǵızlaw, jumsartıw hámde tigiw hám kiyiw paytında kirisisiwine jol qoymaw ushın qollanıladı.

Íǵallab-ısıtıp islew qurılmaları. Íǵallab-ısıtıp islew beriwde miynet ónimdarlıǵın arttırıw hám buyımdı islew, sapasın jaqsılaw ushın hár túrli qurılmalar: qálipler, búrkegish hám utyug gezlemeler qollanıladı.

Qáliplerdiń forması hám ólshemleri orınlanatuǵın isler xarakterine qarap hár túrli boladı. Olar operaciyanıń xarakteri hám islenetuǵın gezlemeniń túrine say keletuǵın mawıtı menen qaplanadı.

Gezlemeni ıǵallaǵısh –búrkegish islenip atırǵan detalǵa suw búrkew ushın qollanıladı.

**Íǵallap-ısıtıp islew tártibi.** Íǵallab-ısıtıp islew beriwge hár túrli materiallar hár qıylı tásir etedi, ol materialdıń talshıqlı quramına, buralıw dárejesine, materialınıń óriliwine, islew beriletuǵın detaldıń qalıńlıǵına hám basqalarǵa baylanıslı. Sonıń ushın talap etilgen sapanı támiyinlew, material qásiyetin saqlaw, jumıs ónimin arttırıw, islew beriw tártibin tuwrı tańlaw hám oǵan ámel etiw kerek.

Íǵallab-ısıtıp islew tártibi degende jumıs sapasın támiyinlewshi temperatura, ıǵallıq, olardıń tásir etiw dawamlılıǵı hám basımı hámde olardıń óz ara baylanıslılıǵı túsiniledi. Islew beriw procesin tezlestiriwge tásir etiwshilerden biri ıǵallıq bolıp, onıń shaması material túrine baylanıslı. Artıqsha ıǵallıq islew beriw waqtın uzaytadı,

jumıs ónimin páseytedi, sapasın jamanlastıradı.

Material óz qásiyetin ózgertpeytuǵın gradusqa shekem ısıtıladı. Temperatura, talshıq ıssılıqqa shıdamlılıǵına baylanıslı. Jol qoyılatuǵıń artıqsha qızdırıw bekkemlikti tómenletedi hám reńin ózgertedi, hátte materiladı jemiredi. Utyuglew betiniń buyımga tiyip turıwı dawamlılıǵı utyuglenip atırǵan buyımnıń materialına hám qalıńlıǵına baylanıslı.

Formanı saqlaw ushın ıǵallıqtı joǵaltıw kerek, yaǵnıy buyımlar ıssı hawa yaki ıssı puw tásirinde keptiriledi, bunda ıǵal sorıp alınadı, materialǵa ıssı hawa búrkep keptiriledi.

Íssılıq-ıǵallıq islewi utyuglew (utyug penen), presslew (press járdeminde) hám puwlaw (puw manekenleri járdeminde) arqalı orınlanadı.

**DetalIardı termofikaciyalaw haqqında maǵlıwmat.** Tigiwshilik sanaatı hámde turmıslıq xızmet kórsetiw tarmaǵı xızmetkerleri aldına qoyılǵan tiykarǵı wazıypalardan biri - kiyim sapasın jaqsılaw bolıp tabıladı.

Tigiwshilikti rawajlandırıwdaǵı áhmiyetli aldınǵı jónelislerden biri termifiksaciya metodı, yaǵnıy, ústi kiyim detallarına basqa bir materialdı jabıstırıw metodın engiziwden ibarat esaplanadı. Basqa materiallar jabıstırılǵan detallar kiyimniń sırtqı kórinisin kórkemlestiredi hám kiyiw dawamında kórinisin ózgertpeydi. Detallarǵa bir tárepine jelim qaplanǵan qatırma materiallar jabıstırıladı. Ústi kiyimniń aldıngı tárepi, ádip, ústingi jaǵa, tómengi jaǵa, qalta qaqparları, listochkalar sıyaqlı detallarǵa qatırma jabıstırıladı. Kiyimniń ayırım orınları kiyim aldıngı bóleginiń bortı átirapları, kiyimniń aldıngı bóleginiń qırqpa qaptal bólekleri, koketkalar hámde detallardıń qırqımları: kiyim etegi, jeń ushı, jaǵa hám jeń omızları, qaptal qaltalar qırqımları hám basqalardı puqtalaw ushın da qatırmalar jabıstırıladı.

Detallarǵa jabıstırıw ushın jip gezleme hám viskoza tiykarındaǵı bir tárepke jelim qaplanǵan hámde toqıma bolmaǵan materiallar qollanıladı.

Qatırma materiallardan pishilgen detallar tiykarǵı detallardan 0,3-0,5 sm ensizlew bolıwı, qatırmanıń qırqpa shetleri biriktiriw tigislerine 0,1-0,2 sm kirip turıwı kerek. Jabıstırıw ushın mólsherlengen qatırma materiallardan tigilgen detallardın boylama jibi arqaw detallarındaǵı boylama jip jónelisinde bolıwı tiyis.

Jelim qaplamalı gezlemelerden pishilgen qatırma detallar tiykarǵı detallarǵa vitochkalar, bórtpeler tigiwden, qaltalardı biriktiriw hám olardı basqa detallarǵa biriktiriwden aldın, yaǵnıy biriktiriw tigisin túsiriwden aldın jabıstırıladı.

Detallarǵa qatırma jabıstırıw procesi ıǵallap-ısıtıp islew jolı menen ámelge asırıladı. Qatırmalardı tiykarǵı detallarǵa biriktiriwden aldın tiykarǵı detal ońı tómenge qaratıp qoyıladı, sońınan jelim qaplaǵan qatırma material tiykarǵı detaldıń arqa tárepine qoyıladı. Jeńil kiyimdi qatırma materillardan pishilgen detallar: jaǵa, manjet, qalta qaqpaǵı, listochka, belbew, bort yaki ádip hám basqa

detallar tómengi tiykardıń keri tárepine qoyıladı hám utyuglep jabıstırıladı.

Qatırma detallardı tiykarǵı detallarǵa jabıstırıwda gezlemelerdegi talshıqlar quramına qarap belgili texnologiyalıq rejimlerge ámel etiw zárúr.

## Ámeliy jumıs 6

## Tema: Kiyimniń mayda detallarına islew beriw

**Jumıstıń maqseti:** Kiyimniń mayda detalları belbew uslaǵıshlar, belbew, qaltaqaqpaqlardı tigiwdi úyreniw.

Temanı úyreniw procesinde iyeleniletuǵın ámeliy kónlikpeler:

- Belbew uslaǵıshlar hám belbew tigiw;
- Qaltaqaqpaqlardı tigiw;
- Tigiw buyımlarında qollanılatuǵın bezew materialların tigiw;

Tema boyınsha tiykarǵı maǵlıwmatlar:

**Belbew uslaǵıshlar tigiw.** Barlıq túrdegi gezlemelerden islengen belbew uslaǵıshlardı jórmelew mashinasında yamasa baxiyaqatarı bos tartılatuǵın qıysıq baxiyaqatarlı mashinada tigiw múmkin (21-súwret, a).




21-súwret

**Belbew tigiw**. Belbew tigiwde gezlemeniń ońın ishke qaratıp búklenedi. Uzınına qarap tigis salınadı. Tigisti ortaǵa tuwrılap, jarıp utyuglenedi, belbewdiń ishine awdarma tigis túsetuǵın sızıqlar belgilep alınadı. Usı sızıq boylap awdarma tigis ótkeriledi. Belbewdiń ushı 0,3 sm tigis qaldırılıp qırqıp taslanadı. Belbew ońına awdarılıp utyuglenedi (22-súwret, a).

Juqa gezlemeden belbew tigiwde onıń oń ziyi hám ushı boylap awdarma tigis salıw múmkin. Bunda belbewdiń bir ishına hám qaptal ziyine bir waqıtta awdarma tigis salınadı. Belbew ońına awdarıladı. Belbewdiń tómengi tárepinen keńligi 0,2 sm kant payda etilip utyuglenedi hám modelde mólshherlengen keńlikte bastırma tigis tigiledi (22-súwret, b).




22-súwret

**Qaltaqaqpaqlardı tigiw.** Ústki kiyimlerde qaltaqaqpaqlar qırqpa qaltalardıń, qaplama qaltalardıń quram bólegi bolıp esaplanadı. Geypara kiyimlerde qaltaqaqpaqlar tek bezew rolin atqaradı.

Qaltaqaqpaqlarǵa jelim qaplanǵan gezlemelerden tayarlanǵan qatırma qoyılıwı múmkin. Bir tárepine jelim qaplanǵan gezlemeden tayarlanǵan qatırma tiykarǵı gezlemeden pishilgen qaltaqaqpaqtıń kerisine jelim tárepi menen qoyıladı, sonda qatırma shetleri qaltaqaqpaq shetinen 0,6-0,8 sm ishke qarap turıwı hám awdarma tigislerdiń astına túsip qalmawı kerek. Qatırma utyug járdeminde biriktiriledi.

**Tigiw buyımlarında qollanılatuǵın bezew materialların tigiw.**

Kiyim tigiwde hár qıylı jiyek, sutaj, tor, búrmeler, buflar, vafilar keń qollanıladı.

Jiyek hám sutaj balalar hám hayallar kiyimlerinde hám bluzkalarda bezew ushın qollanıladı. Jiyek hár túrli reńli hám naǵıslı boladı. Onı belgilengen sızıq boyınsha ońı menen qoyıp, ortasınan bastırma tigis penen tigiledi.

Sutaj benen kiyim jaǵasınıń, manjetlerdiń shetleri, etegi hám basqa orınları bezeledi.

Qolda tayarlanǵan vuflar hár túrli naǵıshlı boladı. Buflar detallardıń keri tárepinen noqatlar yaki sızıqlar tárizinde belgilep alınadı. Buf qatarları arasındaǵı aralıq 0,8-1,0 sm bolıwı zárúr. Hár bir qatardaǵı noqat bir-biriniń dál tómenine túsiwi kerek. Aldın sırma qabıwqatar túsiriledi; bunda iyneniń anıq noqatta

qadalıwı hám eki noqat arasınan shıǵarılıwı kerek. Sońınan jip mayda taqlamanıń búkpeleri joqarıga shıǵatuǵın etip kerip tartıladı. Mayda taqlamalar keyin ala jılıstırıw múmkin bolǵan dárejede keriledi. Mayda taqlamalar payda bolǵannan keyin gúl tigiwge kirisiledi (23-súwret, a).



23-súwret

**Ámeliy jumıs 7**

**Tema: Kiyimge bezew beriw elementlerine islew beriw usılları**

**Jumıstıń maqseti:** Kiyimge bezew beriw elementleri: vitochkalarǵa, releflerge hám koketkalarǵa islew beriw usılların úyreniw.

Temanı úyreniw procesinde iyeleniletuǵın ámeliy kónlikpeler:

- Vitochkalarǵa islew beriw usılları;
- Releflerge islew beriw usılları;
- Koketkalarǵa islew beriw usılları;

Tema boyınsha tiykarǵı maǵlıwmatlar:

**Vitochkalarǵa islew beriw.** Kiyimge insan gewdesine say forma beriw, sonday-aq, kiyimniń gewdege jaqsı úylesip turıwın tamiyinlew ushın tiykarǵı detallarǵa vitochkalar islenedi. Votochkalardıń kirimi hám sanı kiyimniń gewdege jabısıp turıwı dárejesine qarap belgilenedi.

Vitochklar kiyim joqarısında hám belinde bolıwı múmkin. Joqarıdaǵı vitochakalar iyin tigisinen, jaǵa omızınan, jeń omızınan yamasa qaptal tigisinen baslanadı. Hayallar kiyiminde bunday vitochkalar tiykarǵı element esaplanadı. Olar kókirekte yaki jawırında dóńeslik payda etiw ushın zárúr. Belden baslanǵan vitochkalar kiyimniń beline jabısıp tırıwın támiyinleydi.

Vitochkalar qırqpa hám tutas bolıwı múmkin. Jeńil kiyimlerdegi vitochkalar

tutas boladı.

Kiyimniń modeline qarap vitochkalar jumsaq taqlamalarǵa ótiwi, vitochka-mayda-taqlamalar, taqlamalar, qırqpalar hám bórtpe tigisler menen almastırılıwı múmkin.

Qırqımnan baslanatuǵın vitochkalar detaldıń kerisinen qosımsha úlgi boyınsha úsh sızıq penen, detal ortasındaǵı vitochkalar bolsa tórt: orta, qaptal sızıqlar hám vitochkanıń bas hám aqırın bildiretuǵın sızıqlar menen belgilenedi.

Detal vitochkanıń orta sızıǵı boyınsha ońın kerisine búgip qoyıladı. Kiyimlerdi jeke buyırtpalar boyınsha tigiwde vitochkalar aldın qaptal sızıǵı boyınsha kóklep alınıp, keyin biriktirip tigiledi. Kóklew jibi alıp taslanadı hám vitochkanıń orta sızıǵı tigiw tigisine anıq keltirilip, vitochka jarıp utyuglenedi (24-súwret, a,b). Bunnan soń modeline muwapıq vitochka biriktirip utyuglenedi. Jumsaq taqlamalarǵa ótetuǵın vitochkalar áweli kóldeneńine, soń qırqım jónelisinde múyesh astında tigilip, múyeshtegi baxiyaqatar qayırılıp qoyıladı (24-súwret, v).

Detal ortasındaǵı vitochkalardı tigiw vitochka ushlarınıń birinen baslanıp aqırında tegis tamamlanadı hám puqtalanadı.

Vitochka tigisleri modelde kórsetilgen tárepke jatqarılıp utyuglenedi.




24-súwret

**Releflerge islew beriw.** Kiyimlerde hár túrli formadaǵı relefler, olar gewde formasın payda etiwde konstruktiv wazıypanı atqaratuǵın hám bezew wazıypasın orınlawshı túrlerge bólinedi. Releflerdi tigiwde eki detal biriktirilip, birdey tigis haqı menen tigiledi. Tigis haqı jórmelenedi hám buyımnıń oraylıq bólegine qarap

utyuglenedi. Eger model boyınsha názerde tutılǵan bolsa, ońınan bezew tigisqatarı júritiledi. Bezew tigisqatarlar bir qatar hám eki qatar bolıwı múmkin.

**Koketkalarǵa islewberiw usılları.** Koketkalar dúzilisine qarap tuwrı, ovaltárizli, formalı bolıwı múmkin. Koketkalar tiykarǵı detallarǵa (aldıńǵı hám artqı bólekke) biriktirme, bastırma yaki qoyma tigis penen biriktirip tigiledi. Koketkalar bir yaki eki qabatlı bolıwı múmkin. Koketkanı biriktiriwden aldın tiykarǵı detalda modelge muwapıq  taqlamalar, búrmeler tigip alınadı.

Koketkalar eki qabatlı bolǵanda tiykarǵı detalǵa biriktirme tigis penen eki túrli usılda biriktiriledi.

Birinshi usılda ústingi hám astıńǵı koketkalardıń ońın ishke qaratıp, olardıń arasına tiykarǵı detaldıń oń tárepin ishki koketka ońına qaratıp, qırqımları tuwrılanadı hám 1,0-1,5 sm tigis haqı qaldırıp biriktiriledi. Koketka ońına awdarıladı. Bul usıl koketkalar detal tutas pishilgen hallarda qollanıladı.

Eger koketka eki bólek bolıp, biri ekinshiniń ústine ótetuǵın bolsa, birinshi tigis penen bekitip, qırqımları jórmelenedi, bul ekinshi usıl esaplanadı. Quramalı koketli kóylek gewde bólimine bekitiw ushın ústingi hám tómengi koketkalardı, ońın ishke qaratıp qoyıp, qırqımlardı tuwrılap, 0,5-0,7 sm keńlikte awdarma tigis penen tigiledi (25-súwret, a).




25-súwret

## Ámeliy jumıs 8

## Tema: Hayallar hám balalar kiyimleriniń taǵılmalarına islew beriw

Jumıstıń maqseti: Hayallar hám balalar kiyimleriniń taǵılmalarınıń túrleri hám olarǵa islew beriw usılların úyreniw.

Temanı úyreniw procesinde iyeleniletuǵın ámeliy kónlikpeler:

-Taǵılmalarǵa islew beriw;

- Bastırma qaqpaqlı tağılma;

- „Molniya“ lentalı tağılmalar;

Tema boyınsha tiykarğı mağlıwmatlar:

**Tağılmalarğa islew beriw.** Hayallar hám balalar kiyimleriniń jeńlerinde, kókirek bóleginde, yubka bóliminde hám basqa jerlerinde tağılma bolıwı múmkin. Tağılmalar bir yaki eki mağızlı, „molniya“ lentalı, bastırma yaki ótkerme qaqpaqlı boladı.

Ádipli tağılma (26-súwret). Adiptiń sırtqı qırqımları jórmelenedi yaki ishke qaratıp búgip universal mashinada tigiledi. Ótkerme qaqpaqlı tağılma (26-súwret). Qaqpaq ońın ishke qaratıp uzınına eki búgiledi hám joqarı sheti awdarma tigis penen tigiledi. Qaqpaq ońına awdarılıp, tigisi tuwrılanadı hám joqarısı menen qaptal táreptegi búgilgen júyleri utyuglenedi. Shep hám oń qaqpaqtıń tigilmegen shetleri tiykarğı detaldıń ońına belgilengen sızıq boylap biriktiriledi. Bul sızıqlar arası bolsa qaqpaqlardıń tayar bolǵandağı ońına teń boladı. Múyesh orınlarda tigis haqı tiykarğı detal tárepinen qırqıp qoyıladı. Oń qaqpaqtı shep qaqpaq ústine qoyıp, tómengi ushları tuwrılanadı hám universal mashinada eki yaki úsh qaytarma baxiyaqatar júrgizip puqtalanadı. Qaqpaqlar biriktirilgen tigisleri menen tómengi qırqımları arnawlı mashinada jórmelenedi.



26-súwret

**Bastırma qaqpaqlı tağılma.** Astıngı hám ústingi qaqpaqlardıń ońın kiyimniń terisine qaratıp qoyıladı hám qaqpaqlar menen kiyim kesimi qırqımları tuwrı keltirip biriktiriledi. Tigisler qaqpaq tárepke jatqarıp tuwrılanadı hám utyuglenedi. Qaqpaqlar kertimlerge sáykes keltirip, ońın ishke qaratıp búgiledi hám joqarı ushları búgilgen ziyden kertimge shekem awdarma tigis penen tigiledi. Payda bolǵan múyesh ońına awdarıp tuwrılanadı hám utyuglenedi.

**„Molniya“ lentalı tağılmalar.** „Molniya“ lenta tiykarğı detaldıń tigissiz jerine qoyıp tigiliwi múmkin. „Molniya“ lenta tigissiz jerge tigiletuğın bolsa (27-súwrt, a), ol jerge aldın mağız qoyıp alınadı. Bunıń ushın mağızlar sheti kant keńliginen 0,7-1,0 sm artıq keńlikte kerisin ishine alıp búgiledi.

Olardıń ońın tiykarğı detaldıń ońına qaratıp, qırqımların tağılma kesimi

tárepke qaratıp qoyıladı hám belgilengen sızıqlar boylap universal mashinada biriktiriledi. Tiykarǵı detaldıń baxiyaqatarlar arasındaǵı ornı ortasınan qırqılıp, kesim ushları baxiyaqatarlar aqırına 0,1 sm jetkermesten qıyalatıp qoyıladı.

„Molniya" lenta tigiske tigiletuǵın bolsa (27-súwret, b), tigis túsirilip atırǵanda lenta qoyılatuǵın orın tigilmesten qaldırıladı. Tigilgen tigis jarıp utyuglenedi hám taǵılma ushın tigilmey qaldırılǵan orın shetleri búgip utyuglenedi. Búgip utyuglengen ziyler tómenine tiykarǵı detaldıń keri tárepinen „Molniya" lenta qoyıp, tiykarǵı datalǵa bastırıp tigiledi. Bunda baxiyaqatar búgip utyuglengen ziylerden 0,4-0,7 sm aralıqta, taqlama ushında bolsa kesimge perpendikulyar jóneliste, lenta túsiriletuǵın 0,1-0,5 sm aralıqta ótedi.




27-súwret

**Ámeliy jumıs 9**

**Tema: Kiyimniń jaǵasına hám jeńine islew beriw**

***Jumıstıń maqseti:*** Kiyimniń jaǵası hám jeń túrleri menen tanısıw hám olarǵa islew beriw usılların úyreniw.

Temanı úyreniw procesinde iyeleniletuǵın ámeliy kónlikpeler:

- Ótkerme jaǵalardı tayarlaw hám omızǵa ótkeriw;
- Moyın jiyegine islew beriw usılları;
- Jeń awzına islew beriw;
- Jeńlerge islew beriw hám jeń ushına ornatıw;

Tema boyınsha tiykarǵı maǵlıwmatlar:

**Jaǵalarǵa islew beriw**. Ótkerme jaǵalardı tayarlaw hám omızǵa ótkeriw.

Jaǵa awdarma tigisli bolsa (28-súwret), ústingi jaǵa menen tómengi jaǵa ońın ishke qaratılıp juplanadı hám qaptal tárepleri menen qaytarması tómengi jaǵa tárepinen awdarma tigis salıp tigiledi. Múyesh jerlerinde 0,2-0,3 sm tigis haqı qaldırıp, artıqshası qırqıp taslanadı. Jaǵa ońına awdarıladı, ushları hám tigisleri tuwrılanadı, ústingi jaǵadan 0,1-0,15 sm kant payda etip utyuglenedi. Jipek yaki jún

gezlemelerden tigilgen jağalar utyugleniwden aldın ziyleri kóklep shığıladı.
Jağalar bezew detallar qoyma búrme, tor, kant penen islenetugın bolsa, búrmeler, tayarlap alınğan tor yaki uzınına  eki búklep utyuglengen kant áweli tómengi jağa shetlerine kóklep biriktirip alınadı, sońınan ústingi hám tómengi jağalar oń táreplerin ishke qaratıp juplanadı hám universal mashinada tómengi jağa tárepinen biriktirip  tigiledi. Kelesi islew beriw tártibi ápiwayı awdarma jağanı islewdegidey bolıp orınlanadı (29-súwret).



28-súwret



29-súwret

Ádip qaytarması bar kóylekler jağası ótkerilip atırğanda (30-súwret) ádip penen aldı bólegi arasına kertpelerge tuwrılap jağanıń  ońı joqarığa qaratıp qoyıladı hám ádip tárepinen iyin tigisine shekem tigis penen bir waqıtta bort ta awdarma tigis penen tigiledi (30-súwret, a). Ústingi jağanıń tigis haqı kertilip, onı joqarığa qaytarıp qoyıladı, tómengi jağa bolsa ort bólek jiyekke ótkeriledi. Ústingi jağa tómengi jağa ústine qaytarılıp, tómengi jağa ótkerikgen tigis tuwrılanadı. Ústingi jağa qırqım tárepi búgip, ort bólek jiyegine bastırıp tigiledi (30-súwret, b).

Tağılması jağağa shekem dawam ettiriletuğın kóylekler tómengi jağa menen tiykarğı detaldıń oń tárepleri ishke qaratılıp juplanadı hám qırqımları tegislenip, belgi kertimlerine tuwrı keltirilip, tómengi jağa tárepinen 0,7-1,0 sm keńliktegi tigis penen ótkeriledi (30-súwret).




30-súwret

**Moyın jiyegine islew beriw usılları.** Jaǵası joq jeńil kiyimlerde moyın jiyeklerine bir neshe usıllar menen islew beriliwi múmkin: ádip penen, maǵız tigis penen, apiwayı hám beykalar menen.




Bul usıllardan eń kóp qollanılatuǵını ádip penen islew beriliwi bolıp tabıladı.

Plankanı bezew menen islew beriwde torlar, qoyma búrmeler hám kantlar qoyılǵan bolıwı múmkin.

Torlar yaki qoyma búrmeler eki qatar bas baxiyaqatar júritilip búrmeleri tayarlap alınadı, sońınan plankanıń sirtqı qırqımlarına búrmeli táreplerin tuwrılap, ońın ońına qaratıp jaylastırıladı hám universal mashinada búrme baxiyaqatarlarınıń ortasınan tigiledi.

Bezewli planka ápiwayı planka sıyaqlı kiyimge biriktiriledi, bezew jalǵanǵan tigisleri ishki tárepine biriktirilip, tuwrılanadı hám kóklep alınadı. Planka ziyden 0,1-0,2 sm aralıqta baxiyaqatar júrgizip bastırıp tigiledi (31-súwret, a,b).




31-súwret, a,b

**Jeń awzına islew beriw.** Jeńsiz kóyleklerde, jeń awzına álbette, ádip yaki maǵız qoyıp islew beriledi. Ádip eki bólekten ibarat bolıp, olar biriktirip tigiledi hám tigisi jarıp utyuglenedi. Ádip penen kóylektiń ońı tárepleri ishke qaratılıp juplanadı. Olardıń iyin tigisleri tuwrı keltirilip, awdarma tigis penen tigiledi. Kelesi islew beriw waqtında tartılıp qalıwı múmkin bolǵan orınlarda tigis haqı kerip qoyıladı. Ádip kiyimniń kerisine awdarıp ótkizip, tigisi tuwrılanıp utyuglenedi. Onıń ishki qırqımları qaptal hám iyin tigislerine universal eki qaytarma baxiyaqatar júrgizip shatıladı, aldınǵı bólegi menen arqa bólektiń eki-úsh jerine bolsa, qolda jasırın qabıw salıp shatıladı (32-súwret, a). Kiyimniń qaptal tigisi menen ádiptiń ushları jiyek awdarma tigis penen tigilgennen keyin bir waqıtta tigiliwi de múmkin.

Jeńlerdiń awız qırqımları birqabatlı hám qos qabatlı maǵız benen tap jaǵa omızına tap usınday maǵızlar menen islew beriw sıyaqlı orınlanadı (32-súwret, b,v,g).




32-súwret

**Jeńlerge islew beriw hám jeń ushına ornatıw.** Ótkerme jeńler kelte, uzın, bilekke shekem bolıp, jeń ushı hár túrli formalarda, manjetli, rezinalı, qoyma búrmeli, mağız qoyıp islengen boladı.

Tuwrı jeń ushına elastik lenta (rezinka) qoyıp tigiwde, jeń qırqımların biriktirip tikkennen keyin, jeń ushı qırqımın jabıq etip búgip, arasına rezinka qoyıp, búgilgen ziyden 0,1-0,2 sm aralıqta universal mashinada tigiledi (33-súwret, a)



33-súwret

Kóylek jeńi hár túrli formadağı qaytarma manjetler menen bezeledi. Ayırım pishilgen qaytarma manjetli jeńlerdi manjet eki bólekten ibarat yaki bir tutas pishilgen boladı. Manjetti jeńge biriktiriwde tağılmalar bilek tigisiniń dawamında yaki tutas detaldıń kesimlerinde boladı. Tağılmalı bilek tigistiń dawamında islengeninde (34-súwret, a), bilek tigisti tigiwde tómengi bóleginde 7-9 sm tigilmey qaldırıladı, tigis jarıp utyuglenedi. Tigilmey qalğan bólegi 0,5 sm li jabıq búkpe tigis penen tigiledi. Tayar manjetti jeń ishine biriktiriw de onıń astıńğı tárepi ońın jeńniń kerisine qaratıp jaylastıladı hám tómengi manjet tárepinen biriktiriledi. Modelde mólsherlengen bolsa, sonıń menen bir waqıtta jeń detaldıń búrmeler yaki taqlamashalar payda etilip tigiledi. Manjet joqarı bóleginiń tigilmegen sheti ishki tárepke búgiledi hám astıńğı bólegi biriktirilgen tigisti 0,1-0,2 sm jabatuğın etip, búgilgen ziyinen 0,1-0,2 sm aralıqta bastırıp tigiledi.

Jas balalar kóyleklerinde tağılmanı manjet tağılması dawamındağı kesimi 0,3-0,4 sm keńlikte eki búgip tigiledi, keyin manjet biriktiriledi (34-súwret, b)



34-súwret

Jalǵama manjetti jeńge biriktiriwde eń kóp qollanılatuǵın usıl – jeń ishi kesimine maǵız qoyıp islew beriw bolıp tabıladı. Jeń ishindegi taǵılma qırqımǵa maǵızdıń ońın tiykarǵı detal keri tárepke qaratıp qoyıladı.

**Ámeliy jumıs 10**

**Tema: Kóyleklerdiń bel bólegine hám etek bólegine islew beriw**

**Jumıstıń maqseti:** Kóyleklerdiń bel bólegine hám etek bólegine islew beriw usılların úyreniw.

Temanı úyreniw procesinde iyeleniletuǵın ámeliy kónlikpeler:

- Kóyleklerdiń bel bólegine islew beriw;
- Kóylektiń etek bólegine islew beriw;
- Kóylekti sońǵı pardozlaw hám sońǵı ıǵallap-ısıtıp islew;

Tema boyınsha tiykarǵı maǵlıwmatlar:

**Kóyleklerdiń bel bólegine islew beriw.** Kóylektiń kókirek bólegi menen yubkanı biriktirme yamasa bastırma tigis penen biriktiriledi.

Biriktirme tigis penen biriktiriwde kókirek bólegi yubka arasına, olardıń ońı bir-birine qaratıp kiritilip, belgi sızıqları menen qaptal tigisleri tuwrı keltiriledi hám universal mashinada kókirek bólegi tárepinen biriktirip tigiledi. Binda qos iyneli (35-súwret, a) yaki bir iyneli mashinada baxiyaqatar júrgiziletuǵın bolsa, yubka qırqımı shetine juqa qoyıp tigiledi (35-súwret, b). Tigiw paytında detallardan birinde búrme payda etiletuǵın bolsa, tigisqatar usı detal tárepinen júrgiziledi (35-súwret, v).

Kókirek bólegin yubkaǵa jalǵaw tigisinde bezew kant yaki qoyma búrme bolsa, aldın qoyma búrme tayarlap alınadı, búrme bir qálipte tarqatıp yubkaǵa yaki kókirek bólimine biriktirip alınadı. Bezek kantlı bolsa ońın sırtqa qaratıp, keyin dtallardıń birine búgilgen ziydi tiykarǵı detal tárepke qaratıp biriktirip alınadı. Bunda baxiyaqatar tayar kant keńlıginen júrgiziledi.




35-súwret

**Kóylektiń etek bólegine islew beriw.** Kóylek etegin tigiw ushın onıń aldı bólegi menen arqa bólegi ortasınan búklenip hám qaptal tigisleri, vitochkalar, taqlamalar, bel tigisi tuwrı keltirilip, stol ústine qoyıladı. Eteginiń ústine úlgi qoyılıp, 2 sızıq tartıp porlanadı. Olardan birinshisi boylap etek qırqıp tegislenedi, ekinshisi boylap bolsa etek ishkerisine búklenedi. Kóylektiń tigisleri keltiriledi hám eteginiń búgıw haqısınan 2-4 sm joqarısına sheken jarıp utyuglenedi. Kóylek etegi keńeyip barmastan, tuwrı túsken bolsa, onı porlap otırmastan, búkleytuğın qurılması bar univerasl mashinada tigiledi (36-súwret, a). Tigis aqırı bolsa qurılmasız tigiledi.

Klyosh etekli kiyimler etegin aldın belgilengen sızıq boyınsha búgip, eki tigisqatar júrgizip, kóklep alınadı (36-súwret, b). Bunda birinshi tigisqatar búklengen sızıqden 1 sm aralıqta, ekinshisi bolsa, búgiw haqı qırqımı ishkerisine qaytarıw menen bir waqıtta usı qayırılğan sızıq boylap júrgiziledi.

Tığız toqılğan gezlemelerden hám velvet-kord tipindegi jip gezlemelerden tigilgen kóylekler, sonday-aq, plisse, gofre yubkalar etek qırqımları jórmep qoyıladı (36-súwret, v). Kóylek eteginiń búgiw haqı belgilengen sızıq boylap búgilip, jasırın baxiya mashinada tigip qoyıladı (36-súwret, g).




36-súwret

Tútiliwsheń gezlemelerden tigilgen kóylek etegine arnawlı lenta jalǵanıp, keyin tiykarǵı detal terisine búgilip arnawlı mashinada tigiliwi múmkin. Kiyim etegine bezew maǵız yaki beyka qoyıp tigiletuǵın bolsa (36-súwret, j,z), arnawlı búklegish járdeminde bir iyneli yaki qos iyneli mashinalarda bastırıp tigiledi, yaki universal mashinada aldın kiyim eteginiń terisine maǵız ońın qoyıp, biriktirip alınadı (36-súwret,i) keyin maǵızın tiykarǵı detal ońına qaytarılıp, ashıq qırqımın búgip bastırıp tigiledi.

**Kóylekti sońǵı pardozlaw hám sońǵı ıǵallap-ısıtıp islew**.

Kóylekte sádep orınlar mólsherlengen bolsa, úlgi qoyıp sádep orınları belgilenedi hám arnawlı mashinada jiyeklenedi. Jipli sádep jaylar 3-4 qabat jip tartıp, keyin onı saqıyna salıp jiyeklew jolı menen qolda orınlaydı. Bunday sádep jaylar uzınlıǵı sádepler ólshemine baylanıslı boladı. Temir ilgeklerdiń orınları bolsa 0,4-0,5 sm boladı, kiyimdi tigip bolǵannan keyin artıqsha jipler qıyıp alıp taslanadı, kóylektiń ońındaǵı borlanǵan sızıqlar óshirip taslanadı.

Íǵallap-ısıtıp islew beriw ushın aldın detallardıń (bort, belbew, jaǵa) shetleri ıǵallanıp tuwrılanadı hám tolıǵı menen kepkenge shekem utyuglenedi. Kiyimniń tigisleri jarıp utyuglenedi, taqlamaları, bórtpe tigisleri utyuglenedi.

Kóyleklerdi sońǵı utyuglewdi puwlı hawa manekeninde orınlaw da múmkin.

Kóylek terisinen utyuglentuǵın bolsa, utyug gezleme qoyıp utyuglenedi.

Jaǵa, manjet, belbewler tómeninen utyuglenedi.

## PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR

1. Karimov I.A. "Yuksak ma'naviyat yengilmas kuch". Toshkent, 2008.
2. Karimov I.A. "Ózbekiston XXI asr bo'sag'asida"
3. Ismetullaeva X.Z. "Maxsus materialshunoslik tikuvchilik bo'yicha". Toshkent, 2007
4. Ochilov T.A. "To'qimachilik materialshunosligi". T.T,E.S.I. 2002
5. Gaipova N.S., Ismatullayeva M.Z., Axmetova A.S., Ismatullayeva X.Z. "Tikuvchilik texnologiyasi asoslari". Toshkent, 2006.
6. Xonxojayeva N. "Naqsh hosil qilish nazariya asoslari". Toshkent, 2010.

## Qosımsha ádebiyatlar

1. www.ziyonet.uz
2. www.kitob.uz
3. www.ziyo.uz

## MAZMUNÍ


Kirisiw........................................................................................................ 3

Ámeliy jumıs - 1. Tigiwshilik buyımları haqqında ulıwma maǵlıwmatlar...... 4

Ámeliy jumıs-2. Qolda orınlanatuǵın jumıslar.................................................. 8

Ámeliy jumıs-3. Tigiw mashinasında orınlanatuǵın júmıslar............................ 18

Ámeliy jumıs-4. Tigiw mashinalarınıń tiykarǵı mexanizmleri hám mashina tigis túrleri........................................................................................................ 21

Ámeliy jumıs-5. Tigiwshilik buyımların iǵallap-ısıtıp islew beriw.................. 24

Ámeliy jumıs-6. Kiyimniń mayda detallarına islew beriw................................ 28

Ámeliy jumıs-7. Kiyimge bezew beriw elementlerine islew beriw usılları........................................................................................................ 30

Ámeliy jumıs-8. Hayallar hám balalar kiyimleriniń taǵılmalarına islew beriw........................................................................................................ 32

Ámeliy jumıs-9. Kiyimniń jaǵasına hám jeńine islew beriw.............................. 34

Ámeliy jumıs-10. Kóyleklerdiń bel bólegine hám etek bólegine islew beriw........................................................................................................ 39

Ádebiyatlar dizimi ........................................................................................ 42

*Dúziwshi:*

**Berdimbetova Aqjarqın Djumaxanovna -** Ájinıyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń «Miynet talimi» kafedrasınıń úlken oqıtıwshısı.

# MIYNET TÁLIMI ÁMELIYATÍ

***(páninen ámeliy jum□slard□ or□nlaw boy□nsha metodikal□q qollanba)***

**Bas redaktor:** *K.M.Koshanov*

**Tex.redaktor:** *H.K.Shamuratova*

**Korrektor:** *A.M.Sarıbaeva*

**Operator:** *N.Nısanbaev*

**Ájiniyaz atındağı NMPI redakciya-baspa bólimi**

**Ájiniyaz atındağı NMPI baspaxanasında basılğan. 2018-jıl.**

**Buyırtpa №_____. Nusqası 100 dana. Formatı 60x84. Kólemi 1,8 b.t.**

**230105, Nókis qalası, P.Seytov kóshesi, Reestr №_____**